

# TRAVAYÈ SANTE KOMINOTÈ NACHW AK PATNÈ LI YO AP EDE W GEN AKSÈ AK TÈS POU COVID-19 KI RAPID EPI GRATIS OU KAPAB FÈ LAKAY

## Kat (4) Fason pou Ede Moun yo Jwenn Tès pou COVID-19 ki Rapid epi Gratis ou Kapab fè Lakay

### **Kòmande yon pakè gratis pou lakay ou nan [www.covidtests.gov](https://www.covidtests.gov)**

01

Vizite [sit entènèt NACHW](#) pou w jwenn plis enfòmasyon sou inisyativ Mezon Blanch lan, kòmande yon pakè tès gratis pou COVID-19 avèk 4 tès gratis pou lakay ou epi ede lòt moun kòmande tès gratis pa yo a. **Pou moun ki gen difikilte pou yo gen aksè ak entènèt la oswa ki bezwen sipò anplis pou yo fè yon kòmand, nou kapab rele nan 1-800-232-0233 (TTY 1-888-720-7489).**

02

### **Itilize Pwoteksyon Medicaid, CHIP, oswa Asirans Sante Prive**

Li yon [deklarasyon](#) sou obligasyon administrasyon Biden-Harris la fè konpayi asirans ak plan pou gwoup yo pou yo bay pwoteksyon pou tès, [kesyon moun poze pi souvan](#), ak [obligasyon yo](#).

03

### **Vizite yon Sit ki ap fè Tès Gratis ki nan Kominote ou a.**

Jwenn sit ki pi pwòch nan [kominote ou a ki ap fè tès](#) pou COVID-19

04

### **Depi jodiya enskri Sant ou a nan Operasyon pou fè Tès ki Elaji**

[OpET bay](#) tès gratis nan sant pou gadri, nan lekòl ki rive jiska 12zyèm ane, nan kolèj ak nan inivèsite ki gen istwa nwa (HBCU), pou kominote ki pa gen anpil resous, espas moun konn rasanble, tankou abri pou sanzabri, abri pou moun ki ap sibi vyalans domestik ak abi, Etablisman pou Koreksyon yo ki pa federal, ak lòt sit ki kalifye.

## KISA OU DWE DI LÈ W RELE YON MOUN KONSÈNAN OPÒTINITE SA A

“Bonjou, [non w]! [Òganizasyon] ap kontakte w pou konnen si ou enterese pou kòmande yon kit tès pou COVID-19 ki rapid epi ki gratis ou kapab fè lakay atravè yon nouvo inisyativ Mezon Blanch.”

[REPONS]

“Byen. Kite m pataje avèk ou plis bagay konsènan pwogram Mezon Blanch lan. Ou ap kalifye pou w resevwa 1 pakè pou fanmi w, l ap gen ladan l yon total 4 kit pou tès. Pou fè yon kòmand itilize sit entènèt pou fè kòmand Mezon Blanch lan, w ap bezwen bay PRENON AK SIYATI W, ADRÈS LAPÒS KONPLÈ W, AK KÒD POSTAL ou. Nou p ap pataje enfòmasyon ou yo avèk okenn lòt ajans gouvènman an epi nou p ap itilize l pou detèmine okenn avantaj sosyal, ni pou detèmine estati imigrasyon w. Èske m gen otorizasyon w pou m itilize enfòmasyon sa yo ak fè kòmand sa a?

[REPONS]

“Byen! Pou fini, mwen kapab ede w suiv pakè ou a pandan w ap ban mwen yon adrès imèl pou mete avèk kòmand ou a. Èske w gen yon adrès imèl ou vle pataje?”

NACHW fè yon patenarya avèk [Dia de la Mujer Latina](#) pou ede Ajan Sante Kominotè yo kòmande kit pou yo ak pou kominote yo a. Si ou se yon Ajan Sante Kominotè ki bezwen èd, tanpri rele Dia de la Mujer Latina nan 281-801-5285

